

# Aprè w fin fè avòtman ak medikaman

## Ki sa ou ka atann:

Ou dwe atann w ap gen kranp epi w ap bay san apre w fin pran mifepristone ak misoprostol. Yo ka pi plis pase lè ou gen règ. Ou ka gen dyare, kè plen, oswa frison tou. Sentòm sa yo dwe diminye apre kèk èdtan.

- Anjeneral, kranp yo kòmanse 2 jiska 4 èdtan apre ou fin pran grenn yo, epi yo ka dire 3 jiska 5 èdtan. Si ou gen doulè lè ou gen kranp, ou ka pran medikaman pou doulè, tankou ibipwofèn oswa Taylenòl (asetaminofèn), oswa itilize yon kousen chofaj.
- Lè w ap bay san, sa vle di tretman an ap fè efè. Bay san an ka dire plizyè jou oswa jiska 4 semèn, epi li ka kanpe epi rekòmanse kèk fwa.
- Ou ka remake kèk chanjman nan atitud ou. Ou ka santi w soulaje, tris, oswa sonb apre avòtman an. Se chanjman òmòn yo nan kò w ki lakòz santiman sa yo. **Si w gen enkyetid sou youn nan santiman yo ou genyen apre avòtman an, tanpri pale avèk nou sou sa a.**
- Ou ka atann w ap gen règ apre 4 jiska 8 semèn. Li posib pou tan sa a pa menm jan pou tout moun.
- Ou ka atann w ap gen lafyèw/frison pandan premye 24 èdtan yo apre w fin pran misoprostol. **Si ou gen lafyèw oswa frison ki dire plis pase 24 èdtan, ou dwe kontakte doktè ou.**

Pou jwenn plis sipò, voye yon sms nan nimewo sa a  
617-749-2948 oswa ale sou [exhaleprovoice.org/resources](https://exhaleprovoice.org/resources)

## Siy avètisman ak lè pou rele doktè a:

Rele doktè w nan \_\_\_\_\_ right touswit si w gen youn nan bagay sa yo:

- Kantite san ou bay yo plen plis pase 2 kotèks chak inèdtan pandan de (2) zèdtan youn apre lòt.
- Ou pa bay san pandan 24 èdtan apre w fin pran Misoprostol.
- Ou kòmanse santi w malad anpil apre w fin gen gwo kranp epi w fin bay anpil san.

## Li enpòtan pou ou ale nan randevou swivi ou gen ak doktè w.



Ou pral ale nan randevou swivi a 7 jiska 14 jou apre ou fin pran grenn yo. **Li enpòtan anpil pou w vin nan randevou sa a.** Nan randevou sa a, doktè w la pral verifye pou asire si medikaman an te fè efè epi si avòtman an te fin fèt. Ou ka fè sa a an pèsòn oswa nan konsiltasyon adistan.

## Ou kapab kòmanse fè planin imedyatman apre w fin fè avòtman ak medikaman.



**Si ou enterese kòmanse fè planin,** doktè w la ka pale avèk ou sou opsyon ou yo.

Fè yon tèz gwosès nan 4 semèn apre w fin fè avòtman an. Si tèz la pozitif (li di ou ansent), rele doktè ou.

## Si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid:

Tanpri rele nou nan: \_\_\_\_\_

